

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Naskah *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* mangrupa naskah citak anu ditulis ku aksara Pégon-Sunda. Ieu naskah aya dua jilid, unggal jilidna masing-masing 64 kaca. Nilik kana ukuran naskahna kaasup sedeng, kaayaan geus bobo utamana dina jilid dua loba lembar naskah anu ditambal ku kertas anyar, aksarana ditulis deui maké pulpén. Wangun aksara nu dipaké nya éta Thuluth. Kertas anu dipaké ukuran panjangna 25,8 x 17,4 cm; Ukuran naskahna nya éta panjangna 22,6cm x 14,2 cm.

Naskah *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* lobana 1.381 pada, 31 kali ganti pupuh ku tujuh pupuh nya éta Asmarandana, Sinom, Maskumambang, Dangdanggula, Kinanti, Pangkur jeung Magatru. Hasil transliterasi naskah *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* salian ti pupuh dina basa Sunda aya ogé nu wangguna syiiran dina basa Arab. Sabada ditransliterasi, aya kakaliruan ti nu nulis dina méré tanda ganti pada atawa ganti padalisan. Nu nulis kurang apik lantaran aya sababaraha pada atawa padalisan nu ngahiji kana pada jeung padalisan nu séjénna. Jadi dina transliterasi ieu naskah aya nu diropéa luyu jeung patokan pupuh nu sakuduna.

Analisis struktur naskah *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* dibagi dua, nya éta:

1) Struktur formal

Dina naskah *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* loba kasalahan atawa kakaliruan dina jumlah guru wilangan jeung guru lagu nya éta: a) Aya padalisan anu kurang atawa leuwih guru wilanganna; b) aya kasalahan dina guru lagu; c) kurangna guru gatra atawa jumlah padalisan dina unggal pada; d) Tina 7 pupuh nu dipaké ngan aya kapanggih lima sasmita pupuh nya éta dina pupuh Sinom, Kinanti, Dangdanggula, Pangkur jeung Maskumambang. Ari dina pupuh Asmarandana jeung Magatru teu kapanggih sasmita pupuhna.

- 2) Tina analisis struktur naratif naskah *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* meunang rupa-rupa data. Fakta carita dina *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri*, nya éta:
- a) Fakta-fakta carita:
 - 1) Palaku utama dina *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* nya éta Hasan lantaran disebutkeun 721 kali atawa 52%. Ti pada kahiji nepi ka pada 1.381 nyaritakeun lalampahan Hasan. Palaku antagonisna nya éta Majusi jeung Nurul Huda. Palaku protagonisna nya éta Putri tujuh, Nini Sawahi, Raja Ardzul Kafur, Syéh Abdul Rois jeung Syéh Abdul Quddus. Dina ieu wawacan aya palaku nu ngalalakon aya ogé nu teu ngalalakon.
 - 2) Watek palaku ditangtukeun tina sikep nu disebutkeun dina naskah. Aya watek nu nyebutkeun dedegan diantarana kasép atawa geulis, aya watek nu nyebutkeun sikep diantara nya éta bageur, mikanyaah, tumut kana paréntah, jrrd.
 - 3) Latar dina *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* dibagi jadi sababaraha tempat nya éta Basrah, Jabal Sahab, Bagdad Darussalam, lalampahan ka Jazair Waq, Nagri Ardzul Kafur, Ardzuttuyur, Ardzul Jan, Jazair Waq, jeung Nagri Malikul Akbar. Di unggal tempat, dianalisis latar tempatna, latar waktuna jeung latar suasanana.
 - b) Galur dina ieu wawacan dibagi jadi tujuh épisode. Nilik kana runtuyan galur, *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* kaasup kana galur mérélé lantaran nyaritakeun lalampahan Hasan ti susah nepi ka meunangkeun naon nu dipikahayangna.
 - c) Téma *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* nya éta nalika ngalakukeun hiji hal kudu soso-soso, tong poho ngadu'a jeung usaha sangkan naon nu dipikahayang bisa kahontal.
 - d) Sarana Carita dina *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* nya éta:
 - 1) judul ieu wawacan luyu jeung anu dicaritakeun dina wawacan ngeunaan lalampahan Hasan jeung usahana dina ngahontal kahayangna.
 - 2) Puseur sawangan dina *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* nya éta jalma katilu-teu kawatesanan lantaran pangarang bisa nyaritakeun

unggal palaku kalawan bébas, gembheng jeung nyaho sagalarupa nu kajadian.

- 3) Gaya basa nu dipaké ku pangarang loba nu maké idiom dina basa Sunda nya éta purwakanti, babasan, paribasa, jsb. Salian ti maké idiom, aya ogé sababaraha istilah nu maké basa Arab.

Tina hasil transliterasi jeung analisis struktural *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* hasilna dipaké jadi alternatif bahan pangajaran maca wawacan di SMA kelas XII.

5.2 Implikasi

Hasil panalungtikan *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* dipiharep bisa dimangpaatkeun jadi bahan ajar, hususna di sakola-sakola umum sangkan siswa mikawanoh kana hasil budaya masarakat nu mangrupa naskah teu saukur wawacan dina wangun ringkesan. Ngawanohkeun naskah asli wawacan dianggap penting sangkan siswa meunang pangalaman anu béda. Siswa nyaho kana wangun naskah asli lain ringkesan wawacan anu aya dina LKS atawa buku pakét tapi wanoh kana naskah asli dina wangun dangding. Ku diwanohkeunna naskah sakalian ngawanohkeun aksara anu pernah dipaké dina sastra Sunda dina jamanna lain saukur tiori tapi dibarengan ku prakték. Éta hal dianggap penting lantaran sakola jadi salasahiji tempat anu cocog pikeun nepikeun informasi budaya sangkan para nonoman leuwih wanoh kana budaya Sunda utamana nu geus teu dipikawanoh deui ku masarakat kiwari.

5.3 Rékoméndasi

Sabada nalungtik *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* karasa loba mangpaatna pikeun nu nyusun. Disagigireun ngaguar sastra Sunda, bisa nambahan élmu pangaweruh kana widang budaya jeung filologi. Sangkan ajén kamangpaatan tina *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* bisa karasa ku sakumna pihak, panalungtik hayang nepikeun saran nya éta:

- 1) Pikeun ka lembaga pendidikan, ieu panalungtikan hasilna bisa dipaké jadi alternatif bahan ajar wawacan anu leuwih lengkep ti mimiti

ngawanohkeun naskah, wangun dangding, jeung wangun wawacan nu luyu jeung naskah, lain ringkesan anu salila ieu aya dina buku ajar.

- 2) Pikeun masarakat, *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* mangrupa salasahiji conto naskah anu asalna ti masarakat. Panyusun miharep sangkan masarakat nu boga naskah bisa masrahkeun naskahna ka lembaga anu luyu sangkan eusina bisa ditalungtik, diguar jeung didokuméntasikeun daripada jadi dokumén anu dipusti-pusti lantaran dianggap sakral bari teu nyaho naon eusina.
- 3) Pikeun lembaga panalungtikan, panyusun ngarasa ieu panalungtikan téh jauh kénéh tina kasampurnaan. Ku kituna, panalungtikan ngeunaan *Wawacan Hikayat Hasan Şoig Başri* kudu dituluykeun deui tina rupa-rupa cabang élmu sangkan eusina bisa kaguar leuwih écés tur bisa méré mangpaat nu leuwih pikeun kamekaran sastra atawa kabudayaan Sunda.